

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Data jeung Sumber Data

Data nyaéta sumber informasi anu bakal disortir minangka bahan analisis (Siswanto, 2010, kc.70). Data dina ieu panalungtikan nyaéta kasalahan éjahan dina warta siswa kelas IX SMP Laboratorium Percontohan UPI Taun Ajaran 2013/2014. Sedengkeun anu dimaksud sumber data nyaéta subjék panalungtikan pikeun dijadikeun bahan panalungtikanana (Arikunto, 2009, kc. 99). Sumber datanana nyaéta warta anu disusun ku siswa kelas IX SMP Laboratorium Percontohan UPI Bandung Taun Ajaran 2013/2014 anu jumlahna 23 warta. Tina éta sumber data téh, dicatet kasalahan éjahanana, anu ngawengku kasalahan makéna aksara, kasalahan nuliskeun aksara, kasalahan nuliskeun kecap, kasalahan nuliskeun unsur serepan, jeung kasalahan makéna tanda baca. Nomer réspodén bisa katitén dina tabél di handap.

Tabél 3.1
Nomer Urut Siswa


No.	Ngaran siswa	Kelas
(1)	(2)	(3)
1.	Akane	IX- A
2.	Arkeiandra A. N.	IX- C
3.	Dewi Tamara	IX- B
4.	Dini Septiani	IX- A
5.	Dwiki Maulana	IX- A
6.	Eko Prayitno	IX- A
7.	Fauzia	IX- C
8.	Ghina G.	IX- C
9.	Ginardi K.	IX- C
10.	Kevin Bajas	IX- A
11.	Khansa Naila	IX- C
12.	Muhammad Ario Al-Islami	IX- A
13.	Mulki A. R.	IX- A
14.	Nadya Rahma Syarifah	IX- A
15.	Nouvalia M.	IX- B
16.	Nurul Fauziyah	IX- C

(1)	(2)	(3)
17.	Rahmadhitya	IX- C
18.	Raras	IX- C
19.	Salmanisa Kinanti A.	IX- C
20.	Salsabila Melati A.	IX- C
21.	Sean Annisa Rakanti	IX- B
22.	Syifa Nur Mustika	IX- C
23.	Virdan Renaaldi A.	IX- C

3.2 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nyaéta rencana atawa rarancang nu dijieun ku panalungtik, nu jadi dasar kagiatan nu rék dilaksanakeun (Arikunto, 2010, kc.90). Desain anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta saperti ieu di handap.

Bagan 3.1
Desain Panalungtikan



3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta méthode dékriptif. Panalungtikan déskriptif mangrupa panalungtikan anu ditujukeun pikeun ngumpulkeun informasi ngeunaan hiji gejala nu aya, nyaéta kaayaan gejala saayana waktu panalungtikan dilaksanakeun (Arikunto, 2009, kc.234). Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun kasalahan éjahan anu dilakukeun ku siswa kelas IX SMP Laboratorium Percontohan UPI Taun Ajaran 2013/2014 dina wangun warta.

3.4 Wangenan Operasional

- a. Kasalahan éjahan nyaéta kasalahan larapna éjahan anu ngawengku makéna aksara, nuliskeun aksara, nuliskeun kecap, nuliskeun unsur serepan, jeung makéna tanda baca. Kasalahan éjahan mangrupa bagian tina kasalahan basa. Kagiatan analisis basa nyaéta prosés anu dipilampah pikeun maluruh perkara basa anu cacad atawa anu masih méngpar tina aturan-aturan nu geus aya kalayan ngagunakeun léngkah-léngkah nu geus tangtu.
- b. Nulis warta nyaéta kagiatan nepikeun wawaran kajadian anu sipatna masih anyar ka batur ngaliwatan média tinulis.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat bantu anu dipilih jeung digunakeun ku nu nalungtik sangkan sistematis tur sangkan babari dina panalungtikanana (Arikunto, 2009, kc.101). Instrumén panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta:

- a. Lembar tés dipaké pikeun ngumpulkeun data anu mangrupa warta siswa. Lembar tés eusina mangrupa paréntah ka siswa pikeun nyieun warta. Wangunna nyaéta saperti ieu di handap.

TÉS NULIS WARTA

Pék jieun hiji warta, témana bébas!

- b. Kartu data dipaké dina ngolah data. Dina jero kartu data aya kecap anu salah, kode, kecap nu benerna, jeung tipe kasalahanana. Contona saperti ieu di handap.

Kalimah	:(Nomer siswa/ Kelas/ Jajaran/ Nomer kasalahan)
Kecap	:
Kuduna	:
Tipe kasalahan:		
1. Makéna aksara	:
2. Nuliskeun aksara	:
3. Nuliskeun kecap	:
4. Nuliskeun unsur serepan	:
5. Makéna tanda baca	:

3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés. Téhnik tés dipaké pikeun ngumpulkeun data pikeun ngukur tingkat kasalahan éjahan siswa kelas kelas IX SMP Laboratorium Percontohan UPI Taun Ajaran 2013/2014.

Dina ngumpulkeun data, dilaksanakeun ngaliwatan sababaraha léngkah saperti ieu di handap.

- Niténan data nu geus kakumpul;
- Nyortir hasil warta siswa;
- Nganomeran baris;
- Nyirian kasalahan dina unggal hasil warta siswa;
- Nganomeran kasalahan nu kapanggih; jeung
- Nyalin kasalahan nu kapanggih kana kartu data.

3.7 Téhnik Ngolah Data

Téhnik nu dipaké dina ngolah data nyaéta téhnik analisis dokumén. Analisis dokumén nyaéta panalungtikan anu dilaksanakeun dumasar kana informasi anu didukuméntasikeun, boh gambar boh sora boh tulisan atawa wangun séjénna

(Arikunto, 2009, kc.244). Dina ngolah data dilaksanakeun ngaliwatan sababaraha léngkah, saperti ieu di handap.

- a. Ngaruntuykeun kasalahan nu kapanggih sacara alfabétis;
- b. Nganomeran kasalahan;
- c. Ngawincik kasalahan dumasar tipe kasalahanana;
- d. Nganalisis kasalahan;
- e. Nafsirkeun kasalahan; jeung
- f. Nyindekkeun hasil.